# का लेके शिव के मनाई हो शिव मानत नाही

का लेके शिव के मनाई हो शिव मानत नाही,
पुरी कचौड़ी से शिव के मनहू ना भावे
भांग धतूरा कहा पाइब हो शिव मानत नाही
का लेके शिव के मनाई हो शिव मानत नाही

शाला दुशाला शिव मन हू ना भावे
मृगा के छाल कहा पाइब हो शिव मानत नाही
का लेके शिव के मनाई हो शिव मानत नाही

मोटर गाड़ी शिव के मनहू ना भावे
बसहा बैल कहा पाइब हो शिव मानत नाही
का लेके शिव के मनाई हो शिव मानत नाही

कोठा अटारी शिव के मनहू ना भावे
टुटली मडइया कहा पाइब हो शिव मानत नाही
का लेके शिव के मनाई हो शिव मानत नाही

सोना के चैन शिव के मनहू ना भावे
सर्प के माला कहा पाइब हो शिव मानत नाही
का लेके शिव के मनाई हो शिव मानत नाही

https://www.bhajanganga.com/bhajan/lyrics/id/22065/title/kaa-leke-shiv-ke-manahi-ho-shiv-manat-naahi

अपने Android मोबाइल पर BhajanGanga App डाउनलोड करें और भजनों का आनंद ले |